

5

bagay ou ka fè pou
pare pou enskri

1

Vizite **HealthCare.gov**

Aprann plis sou Health Insurance Marketplace®, ak lòt pwogram tankou Medicaid, ak Pwogram Asirans Sante Timoun yo (Children's Health Insurance Program, CHIP).

2

Mande patwon ou si li ofri asirans sante

Si patwon w lan pa ba ou yon kouvèt asirans, ou ka pran youn sou Mache Asirans la oswa tcheke lòt sous.

3

Fè yon lis kesyon anvan li lè pou chwazi plan sante ou

Pa egzanp, "Èske mwen ka rete ak doktè mwen ye kounye a?" oswa "Èske plan sa a pral kouvri depans sante mwen lè mwen vwayaje?"

4

Rasanble enfòmasyon debaz sou revni kay ou

Ou pral bezwen enfòmasyon sou revni ki soti nan W-2 ou, souch peye, oswa deklarasyon taks.

5

Mete bidjè ou

Gen diferan kalite plan sante pou satisfè yon varyete bezwen ak bidjè. Wap gen pou kalkile konbyen ou kapab depanse pou prim chak mwa, ak konbyen ou vle depanse pou preskripsiyon oswa sèvis medikal ak kòb k ap soti nan pòch ou.

Health Insurance Marketplace

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Mache a nan yon fòma aksesib, tankou gwo lèt, bray, oswa odyo. Se dwa ou tou pou soumèt yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou.

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice), oswa rele Sant Apel Mache a nan 1-800-318-2596 pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.



HealthCare.gov

CMS Product No. 11629-HC (Haitian-Creole) August 2021

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.

Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of the U.S. Department of Health & Human Services.



**Mache
Asirans
Sante a**

Opsyon asirans sante

Mache a ede ou jwenn pwotection sante ki adapte bidjè ou ak satisfè bezwen ou yo. Lè w aplike pou pwotection asirans, ka wè tout opsyon w genyen yo e ou ka enskri. Ou ka aplike pou asirans prive, Medicaid, oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP).

Chak plan sante nan mache a ofri menm seri benefis sante esansyèl, tankou vizit doktè, swen preventif, entène lopital, preskripsyon, ak plis ankò. Ou ka konpare plan yo baze sou pri, benefis ak lòt karakteristik ki enpòtan pou ou anvan w fè yon chwa.


Se konpayi prive ki jere plan asirans yo

Plan asirans yo ofri sou Mache Asirans la se konpayi prive ki jere yo. Ou kapab konpare opsyon pou pwotection asirans sante w nan Mache Asirans la e w ap ka wè ki prim, ki dediktib, ak ki depans k ap soti nan pòch ou ke w ap gen pou peye, anvan menm ke w pran yon desizyon pou enskri.

Gen pwotection pou ou menm ak kay ou. Plan asirans yo pa ka refize w pwotection poutèt pwoblèm medikal ki te egziste deja oswa pwoblèm medikal kwonik, tankou kansè oswa dyabèt, e yo pa ka fè fanm ak gason peye prim diferan.

Jwenn èd avèk depans yo

Lè w itilize Mache Asirans la ou ka jwenn yon kredi sou enpo pou diminye depans sou prim mansyèl ou yo ak sou lajan pou peye ki soti nan pòch ou. Lè w ap aplike, w ap konnen ki kantite lajan ou ka ekonomize. Plis moun ki aplike kalifye pou kèk kalite ekonomi.



EKSPLORE MACHE A

Vizite **HealthCare.gov** to jwenn repons a kesyon ou yo epi enskri pou dènye imèl sou mache a. Ou ka rele Sant Apèl Mache Asirans la (Marketplace Call Center) nan 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Lè Peryòd Enskripsyon Lib la kòmanse, ou ka ale nan Mache Asirans lan epi aplike pou pwotection asirans sante, konpare opsyon w genyen yo, epi enskri nan yon plan.

Si w kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal (Special Enrollment Period) poutèt yon chanjman ki fèt nan vi w, tankou ou marye, ou akouche, ou pèdi lòt pwotection asirans ou te genyen, oswa ou demenaje, ou ka aplike pou pwotection asirans andeyò Peryòd Enskripsyon Lib la. Epitou, ou ka aplike pou Medicaid ak pou pwogram CHIP la, nенpòt lè nan ane a, sou menm aplikasyon an.